




# The DOC Experience®

Swen Konplè, Fasil pou Jere, Rezilta Eksepsyonèl, Fanmi ki Kontan

## Konsepsyon ki Fèt sou Mezi

Chak timoun nou trete yo spesyal. Se pou sa, chak DOC Band® mande plizyè èdtan evalyasyon endividiyèl, konsepsyon sou mezi epi evalyalsyon kontinyèl.



## Fè esperyans diferans DOC Difference™ lan

Pasyon nou se bay pi bon swen posib bay pitit ou. Nou konsakre nou sèlman nan tretman plajyosefali - - se sa sèlman nou fè!

- Sant pou timoun nou yo ki akeyan pou fanmi yo genyen nan pèsònèl yo Fizyoterapèt, Ergoterapèt, Òtezist, epi Enfimyè Diplome ki chwazi pou yo spesyalize nan tretman timoun ki genyen plajyosefali
- Yo pa sèlman pwofesyonèl medikal avanse, chak klinisyen nan Cranial Technologies resevwa tou 300+ èdtan fòmasyon spesyalize nan pi wo degré nan plajyosefali
- Klinisyen nou yo siveye etap nan devlopman yo epi yo idantifye tou nenpòt disfonksyon nan kou oubyen tòtikoli





## Digital Surface Imaging® (DSi®)

Imajri dijital sifas, oubyen Digital Surface Imaging (DSi) se baz tretman kont plajyosefali ki reyisi. | Lè pwoesis lan kòmanse avèk yon sistèm ki asire rezulta eksepsyonèl, ou fòme yon patenarya avèk yon founisè tretman ou kapab fè konfyans.

- Sèl teknoloji ki devlope spesifikman pou plajyosefali
- Li itilize 10 kamera wot rezolisyon
- San danje: Garanti avèk yon analiz endepandan sou sekirite<sup>1</sup>
- Rapid: Li pran sèlman 1/180yèm yon segond
- Presi: Etid klinik pwouve presizon li a 0,25 milimèt, sètadi  $\frac{1}{4}$  epesè yon kat kredi <sup>2</sup>
- Li kaptire imaj 360 degré tèt yon ti bebe
- Se nan DOC Experience<sup>®</sup> lan sèl wap jwenn li

## Rezulta Eksepsyonèl



“Tretman an efikas nèt epi li pwodwi rezulta ekstwòdinè. Nou pataje imaj avan epi apre yo epi eksplike rezònman fizik lan pou tretman an bay anpil moun nan fanmi nou avèk zanmi nou ki kounyè an reyalize sa kònsene plis pase yon kestyón tèt won.” **Monica & Jonathan A.**



## **Chwazi Eksperyans lan pou pitit ou ki baze sou:**

- Preske 35 lane swen kont plajyosefali ki san parèy
- Yon pèsonèl ki konsakre li antyèman nan plajyosefali -- se sa sèlman nou fè!
- Anviwon 175,000 bebe ki trete
- Rezulta klinik ki **eksepsyonèl**
- Opsyon ki pi **konplè** an nan tretman plajyosefali
- An mwayèn, paran ki reponn nan sondaj<sup>1</sup> yo te twouve eksperyans DOC Experience® yo te fè an avèk Cranial Technologies te "bon" a "ekselan" nan sa ki konsène eksperyans pa yo:
  - "Nivo satisfaksiyon" epi "satisfaksiyon jeneral" pi wo pase 96,5%\*
  - "Nivo sèvis" pi wo pase 97,5%\*



**Sèvis tradiksyon gratis!**  
**(844) 447-5894 • [www.cranialtech.com](http://www.cranialtech.com)**